



Croix des Bouquets le 18 Mars 2019

Not pou la Près nan okasyon Jounen Intenasyonal Forè (21 Mas 2019)

Se ak gro lapenn ak dezespwa **Group K'ap inteveni nan Zafè Ekoloji nan Peyi Dayiti** (EkOVÈ Ayiti), ap komemore jounen 21 Mas 2019 sila ki **konsakre jounen intenational forè**.

Nan DAYiti, n'ap konstata depi plizye ane forè yo ak espas vèt yo ap diminye chak jou et genyen ki menm rive disparèt tankou forè Sen Rafayèl ak kèk zòn vèt bò lanmè a koz pil ak pakèt mangròv k'ap koupe pasi pala, san nou pa bliye la gè k'ap fèt toupatou nan peyi a kont pye bwa akoz mizè ak move sitizasyon ekonomik.

Sitiyasyon saa lakoz kantite lapli ki te konn tombe sou peyi dayiti bese anpil. Toupatou, se sechrès, nan anpil komin, habitan yo pa jwenn ase dlo ni pou bwè, ni pou wouze jadin . Sa koz anpil bèt mouri ak swaf, ak grangou epi Peyizan yo vini pi pòv .

Problèm sa yo rive paske anpil pye bwa koupe nan tout tèt mòn ak forèt ki te konn founi dlo tandike Tèt mòn ki gen anpil pye bwa ki bay jiska 80% dlo sou la tè epi se forè yo ki bay anpil vil nan mond lan dlo potab pou sèvi et latriye.

Move jesyon Forè ak debwazman k'ap fèt toupatou lage Peyi a nan gro problem ni lè gen lapli, ni lè pa gen lapli.

Nan okasyon jounen Intenasyonal Forè yo. EKOVÈ-AYITI mande Leta pou li deploye efò pou proteje ti rès forè Ayiti yo (Espesyalman Foret des Pins), ak lòt zòn ki pemèt peyi jwenn dlo pou fonksyone tankou Masif la Hot.

Pou fini, EKOVÈ-AYITI ap ankouraje Leta, ONG ak Mouvman Oganize yo mete bon jan projè kanpe pou plante pye bwa nan tèt mòn yo ak reyalize bon jan kaptaj nan tout sous nan peyi a epi bon jan instalasyon pou kenbe dlo lè gen lapli ak bon jan program pou reyitilize dlo moun fini sevi nan domèn sa ka itil.

Mesi anpil.

Anel DORLEAN

Estime Nepha Junior

Coordonnateur

Secrétaire